

# Politik nan zafè Èd Lajan

BJC Health (“BJC”) vle ede pasyan ki pa genyen asirans sante yo oswa ki bezwen èd pou peye fakti lopital yo. Antanke yon òganizasyon swen sante san bi likratif, BJC ak lopital manm nou yo ak òganizasyon k ap bay sèvis sante yo sansib pou pasyan yo ak kominote n ap sèvi yo atravè pi bon swen sante.

Pèsonèl nou an kapab ede w:

- Aplike pou asirans sante atravè Health Marketplace
- Aplike pou asistans Medicaid
- Detèmine si w kalifye pou èd lajan nan men BJC

## Èd Lajan BJC

Toudabò, sityasyon finansyè ou p ap afekte swen ou. Nou trete tout pasyan avèk respè ak ekite. Pasyan ki reponn ak kèk kritè gendwa kalifye pou resevwa èd lajan nan men BJC, ki gen ladan l frè lopital ki redwi ak plan peman alontèm san enterè. N ap faktire pasyan ki elijib pou èd lajan yo mwens pase montan nou jeneralman faktire moun ki genyen asirans ki kouvri swen sa yo. Enfòmasyon konsènan montan yo jeneralman faktire yo ak fason yo kalkile yo disponib lè w kontakte nou nan kowòdone ki anba paj sa a.

Si w pa gen asirans epi ou gen kesyon sou pwoteksyon w lan oswa nivo avantaj ou yo, tanpri kontakte konpayi asirans ou an. Pasyan ki pa gen asirans yo ap tou resevwa yon rediksyon 40 pousan sou frè yo faktire a epi y ap konsidere yo pou ba yo èd. Selon kalite sèvis la ak nivo èd lajan an, yo ka mande yon pati nan peman an. Nou kapab ba ou yon tablo ki gen Revni ak Rediksyon ki nan Politik Èd Lajan ki montre montan peman yo lè w mande l.

Apwobasyon pou èd lajan an ap an vigè pandan 12 mwa apati dat apwobasyon an. Pasyan ki resevwa sèvis pandan peryòd sa a ta dwe enfòmè nou sou vizit la lè yo kontakte nou atravè kowòdone ki anba paj sa a pou nou ka aplike èd lajan an. N ap egzamine eksepsyon ki genyen nan kritè kalifikasyon pou èd lajan an sou yon baz endividyèl.

## Fason pou Aplike pou Èd Lajan

Ou ka aplike pou resevwa èd lajan a nenpòt moman—anvan, pandan oswa apre swen w lan, jiska 240 jou apre premye fakti a. Nou ap voye enfòmasyon nan fakti w la ki eksplike w fason pou aplike pou èd. Aplikasyon yo disponib tou lè w mande yo nan nenpòt etablisman BJC epi sou sitwèb nou yo ki se BJC.org oswa SaintLukesKC.org. Aplikasyon an mande prèv revni tankou deklarasyon taks sou revni oswa souch chèk. Ou kapab jwenn egzant dokiman nou ka itilize kòm prèv revni nan fòm aplikasyon an.

Pasyan ki te enskri nan Medicaid pandan sis dènye mwa yo tou kalifye pou èd lajan pou sèvis medikal Medicaid pa garanti yo. (Sèl eksepsyon an se si w te enskri nan Medicaid oparavan akoz gwosès. Nan ka sa a, ou kapab toujou aplike pou Èd Lajan.)

Mete sou sa, yo ka apwouve pasyan yo pou èd lajan sou baz itilizasyon yon apwòch analitik estanda ki estime sityasyon finansyè ak/oswa sosyo-ekonomik pasyan an. Elijiblite pou kalite èd sa a pa tou kalifye pasyan an pou èd sou kont pi devan yo.

## Kalifikasyon Medikal pou Èd Lajan

Lopital BJC yo ap bay, san eksepsyon, swen pou pwoblèm sante ki ijan pou tout pasyan k ap chèche swen sa a, menm si yo pa kapab peye oswa pou kalifye pou èd lajan, selon egzijans Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Travay Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA).

Èd lajan disponib sèlman pou sèvis ijans ak sèvis ki nesèsè sou plan medikal. Li pa aplike pou pwosedi ki pa obligatwa yo tankou chiriji kosmetik. Epitou, li pa aplike pou pati nan sèvis ou yo yon antite endepandan tankou yon konpayi asirans oswa pwogram gouvènman peye pou li.

Gen èd lajan ki disponib pou pasyan k ap viv nan Kansas, Missouri, ak Illinois, ak tout pasyan k ap resevwa swen nan sit NHSC yo kèlkeswa kote yo ap viv. Sit NHSC pou BJC HealthCare gen ladan yo Missouri Baptist Sullivan Hospital Bourbon Medical Office, Cuba Medical Office, Steelville Medical Office, ak Sullivan Medical Office; ak Parkland Health Center Medical Clinic. Sit NHSC yo pou Saint Luke’s gen ladan yo Allen County Clinic—Iola, Anderson County Family Care Center, Hedrick Family Care Clinic, Hedrick Medical Center, Hedrick OB GYN Associates, Saint Luke’s Mercer County Clinic, Wright Memorial Hospital, ak Wright Memorial Physicians Group.

Gen yon lis pwofesyonèl swen sante politik pou èd lajan BJC a pa kouvri ki disponib lè w kontakte nou nan kowòdone ki anba paj sa a.

## Nòm Revni pou Èd Lajan

Montan èd lajan ou resevwa a baze sou enfòmasyon ki gen pou wè ak Nivo Federal pou Povrete gouvènman ameriken an fikse chak ane. Pou w elijib pou yon rediksyon, fòk revni fanmi ou pa depase twa fwa Nivo Federal pou Povrete a (300 pousan). Nou kapab ba ou yon tablo ki gen Revni ak Rediksyon ki nan Politik Èd Lajan ki montre nivo revni sa yo lè w mande l. Mete sou revni w lan, rediksyon an ap konsidere kantite moun ki nan fanmi ou tou. Pasyan ki gen revni fanmi ki depase \$100,000 pa ane yo pa elijib pou èd lajan BJC a, kèlkeswa kantite moun ki nan fanmi yo. Moun k ap viv nan Illinois ki pa gen asirans k ap resevwa sèvis nan Alton Memorial Hospital, Memorial Hospital nan Belleville, ak Memorial Hospital nan Shiloh ka elijib pou lòt rediksyon selon Lwa sou Rediksyon pou Pasyan ki Pa Gen Asirans nan Lopital Illinois la.

## Nòm Revni pou Katastwòf

Sizoka ta gen yon gwo pwoblèm medikal, pasyan ki nòmalman pa kalifye pou Èd Lajan yo ap jwenn èd. Nan sikonstans espesyal sa yo, responsablite peman pasyan an nan yon peryòd 12 mwa p ap depase 20 pousan nan revni anyèl fanmi an.

## Tanpri Kontakte Nou

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou politik èd lajan BJC a, politik ki an rapò yo, ak yon aplikasyon oswa fè yon demann. pou resevwa avi alekri oswa komunikasyon sou fòm elektwonik lè w pale avèk reprezantan Sèvis Pasyan oswa lè w rele:

- BJC HealthCare nan 314-362-8400 oswa 855-362-8400
- Saint Luke’s nan 816-932-5678 oswa 888-581-9401
- St. Louis Children’s nan CoxHealth nan 417-815-8846 oswa 833-345-1395. Enfòmasyon ak fòm aplikasyon yo disponib tou sou BJC.org oswa SaintLukesKC.org.